



Aplike depi kounyea pou 2021-2022 Pwogram Preskolè (VPK)/Anrichisman Broward County Public Schools (BCPS)!



ENFÒMASYON JENERAL SOU PWOGRAM VPK/ ANRICHISMAN

VPK se yon pwogram ki disponnib pou tout timoun ki pral gen 4an anvan 1 Septanm, 2021. Nou ofri pwogram jounen konplèt (VPK/Anrichisman), 7:30 a.m. — 2:00 p.m., Lendi rive Vandredi (è egzakt ka chanje.) Tout lekòl-yo ofri dejene gratis. **Tout pwofesè gen diplòm katran kolèj, inivèsite, ou pi wo, epi obteni yon sètifikasyon de Leta Florid, espesyalizasyon Edikasyon timoun piti.**

PWOGRAM VPK/ANRICHISMAN SELEKSYON LEKÒL TITLE I

Modèl VPK sa ofri yon **jounen lekòl gratis konplè (6.5 èdtan)**; ansèyman an disponnib pou timoun ki rete anndan yon zòn lekòl Title I. Plas-yo limite; seleksyon-yo fèt selon krite elijibilite. Kontakte chak lekòl pou konnen si gen aftèkè (pwogram ak siveyans timoun apre lekòl) ki disponnib nan lekòl ou vle a.

VPK ANRICHISMAN (FRÈ ESKOLÈ) SELEKSYON ALEATWA

Lekòl-sa-yo ofri opòtinite pou toude pwogram, tout yon jounen ak demi-jounen. Opsyon-yo enkli:

- Mwatye jounen – 3 è sèlman (VPK Gratis) Plas-yo limite.
- Jounen konplè – 6.5 èdtan (VPK plis 3èdtan enstriksyon, se yon opsyon, epi frè eskolè sipòte).

KIJAN POU W APLIKE

1^{er} Etap: Aplike anliy pou w jwenn yon sètifika VPK (VPK Certificate), sou Portal Leta Florid dedye pou Fanmi Florid:

<https://familyservices.floridaearlylearning.com>

2^{zyèm} Etap: Vizite sit Entènèt nou pou w ka aplike nan pwogram VPK lekòl piblik Broward County: www.browardschools.com/headstart-vpk

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram VPK Distri a, tanpri rele depatman Head Start/Early Intervention Department nan nimewo 754-321-1954. Si ou gen kesyon sou sètifika VPK-ou (VPK Certificate), kontakte Early Learning Coalition of Broward nan nimewo 954-377-2188. Ou bezwen konnen kote lekòl zòn ou ye, vizite sit <https://www.browardschools.com> epi chèche "Find my school - Jwenn lekòl mwen an."



The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon sou baz laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, eta sivil, nasyonnalite, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board founi gwoup Boy Scouts ak lòt gwoup ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman kapab rele Direktè, Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kòdonatè Chans Egal/Kòdonatè Title IX nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158.